

Tretman pou Kansè Po

Skin Cancer Treatments – Haitian Creole

Tretman pou kansè po differan pou chak moun. Si doktè dekouvi ou gen kansè po, tretman ou pral depanne kalite kansè po ou genyen, gwosè ak pwofondè li ye, epi si li simaye nan lòt pati kò ou. Kèk moun resevwa yon kalite tretman. Lòt moun yo ka bezwen plis pase yon kalite tretman. Pale avèk ekip swen sante ou konsènan sa ki pi bon pou ou.



Operasyon

Doktè itilize operasyon souvan pou trete kansè po. Sa kapab ede chèche konnen si ou gen kansè, ki kalite kansè a ye, epi si li simaye. Doktè ka fè operasyon pou retire kansè a epi pou fè pozisyon kote li te retire kansè a sanble pi bon. Kalite operasyon ou ta ka bezwen an depanne kalite kansè po ou, gwosè ak pwofondè li ye.

Efè segondè ki pi komen yo se doulè, enfeksyon, epi w ap gen yon sikatris nan kote ou fè operasyon an.



Radyoterapi

Radyasyon itilize reyon ki gen gwo enèji (tankou reyon x) pou touye selil kansè a nan yon pati kò a. Doktè a kapab itilize radyasyon pou trete kansè ki sou po a sèlman oswa ki simaye nan lòt pati kò a.

Efè segondè ki pi komen yo se chanjman po ak cheve k ap tonbe lè ou resevwa radyasyon an. Po ou ka vin wouj, anfle, ap dekale, oswa pi nwa. Ou ka santi ou fatige anpil tou.



Iminoterapi

Iminoterapi ap ede sistèm defans ou jwenn kansè a epi batay kont li. Doktè a ka ba ou li kòm yon piki nan yon venn ki nan bra ou, oswa kòm grenn oswa kapsil w ap pran nan bouch.

Efè segondè iminoterapi a depanne kalite medikaman ou itilize pou trete kansè po ou. Ou ka santi ou fatige, malad nan lestomak ou oswa ou ka gen lafyèv, frison oswa gratèl. Anjeneral efè segondè yo lejè men yo kapab grav.



Terapi Sible

Terapi sible ap jwenn epi atake selil kansè a menmsi l ap lakòz mwens domaj nan selil nòmal yo. Medikaman sa yo ap chanje fason selil kansè a grandi, separe oswa repare poukont yo. Doktè bay medikaman sa yo nan bouch kòm grenn oswa kapsil oswa doktè a ta ka ba ou yo kòm yon piki nan yon venn ki nan bra ou.

Terapi sible yo lakòz efè segondè differan selon medikaman ou itilize a. Kèk ladan yo kapab afekte po a epi lakòz ou gen doulè, po seche, ak demanjezon. Po ou ka pi fasil pou pran kout-solèy.



Tretman lokal oswa nan Po

Doktè a ka itilize terapi konjelasyon, limino-terapi , oswa lezè pou trete kèk kansè. Lòt fwa yo, doktè a ka itilize kimyoterapi nan po oswa lòt medikaman lè li fwote yo sou po a. Doktè itilize tretman lokal yo sitou pou trete kansè po selil bazal ak kansè po selil eskwame.

Chak tretman gen efè segondè diferan. Mande doktè ou sa pou espere.



Kimyoterapi (kimyo)

Kimyo itilize medikaman pou batay kont kansè. Pi souvan, doktè bay kimyo kòm yon piki nan yon venn ki nan bra ou. Oswa, doktè a ta ka ba ou kimyo nan bouch kòm yon gress oswa kapsil. Lòt fwa yo, doktè a ka fwote li sou po ou. Lè doktè a ba ou kimyo kòm yon gress oswa nan yon venn, kimyo a ale nan pifò pati kò ou pou trete kansè a ki simaye. Lè doktè a mete kimyo a sou po ou, kimyo a rete nan zòn kote doktè a fwote li pou trete kansè ki nan kote a.



Efè segondè ki pi komen yo avèk kimyo a se sansasyon gwo fatig, oswa sansasyon maladi nan lestomak ou. Kimyo ka fè li pi fasil pou ou gen yon enfeksyon tou.

Esè Klinik

Esè klinik yo teste nouvo medikaman yo oswa nouvo tretman yo sou moun. Yo ede doktè yo jwenn pi bon fason yo pou trete kansè. Si doktè ou pale avèk ou konsènan yon esè klinik, se oumenm ki pou deside si ou vle patisipe ladan. Epi si ou enskri pou yon esè klinik, ou kapab sispann patisipe ladan nenpòt lè.

Tretman an ka diferan pou chak moun ki gen kansè po. Anvan ou kòmanse swiv nenpòt tretman, mande pwofesyonèl swen sante ou sa pou espere. Li enpòtan pou konnen fason ou pral santi ou anvan ak apre tretman an. Nan fason sa a, ou kapab fè pi bon chwa a pou tèt ou.

Pou jwenn enfòmasyon sou kansè, èd ak sipò jou-apre-jou, rele Sosyete Ameriken pou Kansè) nan nimewo **1-800-227-2345** oswa ale sou sitwèb nou nan **cancer.org/skincancer**.
Nou la lè ou bezwen nou.



cancer.org | 1.800.227.2345

©2021, American Cancer Society, Inc.
Nimewo 080798

Nou itilize modèl yo pou objektif pou bay eklésisman sèlman.

